# आधारभूत तह (कक्षा १-३)
# मैथिली भाषाक पाठ्यक्रम

**पाठ्यघण्टा : ५** **वार्षिक कार्यघण्टा : १६०**

## १. परिचय

नेपाल बहुजातीय, बहुभाषिक, बहुधार्मिक, बहुसांस्कृतिक एवम् भौगोलिक विविधतासँ भरल देश अछि। भाषिक दृष्टिकोणसँ नेपालमे बाजल जाएवला विभिन्न मातृभाषामध्य मिथिला क्षेत्रक मातृभाषा मैथिली अछि। मैथिली प्राचीन, समृद्ध आ मधुर भाषा अछि। जनसङ्ख्याक हिसाबें ई नेपालक दोसर मातृभाषा अछि। एकर अपन लिपि मिथिलाक्षर छै। अपन शब्दकोश, व्याकरण आ ध्वनि विज्ञान छै। संविधानक मौलिक हकअन्तर्गत शिक्षासम्बन्धी प्रावधान तथा विद्यालय शिक्षाक राष्ट्रिय पाठ्यक्रम प्रारूप २०७६ क व्यवस्थाअनुरूप मैथिली भाषाक संरक्षण, प्रवर्धन आ विकासमे योगदानक हेतु आधारभूत तह कक्षा १-३ मे अध्ययन कएनिहार बालबालिकाक लेल मैथिली भाषाक पाठ्यक्रम विकास कएल गेल अछि।

एहि पाठ्यक्रमक विकासक मुख्य अपेक्षा मैथिलीभाषी बालबालिकामे मैथिली भाषाक आधारभूत सञ्चार तथा अभिव्यक्ति शिल्प विकास करबाक सङहि स्तरअनुरूप नव विषयवस्तुक ज्ञान सेहो आर्जन करब रहल अछि। पाठ्यक्रमक अपेक्षाकेँ सक्षमता आ सिखनाइ उपलब्धि खण्डमे विस्तृतीकरण कएल गेल छै। सक्षमता आ सिखनाइ उपलब्धिकेँ भाषिक शिल्प एवम् पक्षक आधारपर विकास कएल गेल छै। तहिना सक्षमता आ सिखनाइ उपलब्धि प्राप्त करबाक लेल विभिन्न विषयक्षेत्र चयन कएल गेल छै। पाठ्यक्रममे समावेश विषयक्षेत्रकेँ सिखनाइ सहजीकरणक विषयवस्तु आ माध्यमक रूपमे लेल गेल छै। चयनित विषयक्षेत्रक सिखनाइ सहजीकरणमे प्रचलित लेख्य मैथिली भाषा आ भाषिकासमेतक प्रयोग करबाक अपेक्षा राखल गेल अछि। उक्त विषयक्षेत्रक सहजीकरणसँ बालबालिकामे मैथिली भाषाक भाषिक शिल्प विकास होएबाक सङसङ भाषिक संरचनाक समेत सामान्य ज्ञानक सञ्चार होएबाक हिसाबें क्षेत्र आ क्रम खण्ड सन्तुलित ढङ्गसँ सङ्गठित कएल गेल अछि। मिथिलाक्षर लिपिक संरक्षणक लेल सम्बन्धित विषयक्षेत्र सेहो समेटल गेल अछि। पाठ्यक्रममे समावेश विषयक्षेत्र, सिखनाइ सहजीकरण प्रक्रिया आ मूल्याङ्कन प्रक्रियाकेँ एकीकृत उपागमक सिद्धान्तअनुरूप निर्माण कएल गेल अछि। ई पाठ्यक्रम उपरका कक्षामे मैथिली भाषाक निरन्तर अध्ययन–अध्यापनक लेल समेत आधारशिला तैयार करत, से अपेक्षा करैत अछि।

एहि पाठ्यक्रमकेँ परिचय, तहगत सक्षमता, कक्षागत सिखनाइ उपलब्धि, विषयक्षेत्रक क्षेत्र आ क्रम, सिखनाइ सहजीकरण प्रक्रिया आ विद्यार्थीक मूल्याङ्कनसनक अवयवसभक आधार संरचित कएल गेल छै। पाठ्यक्रममे उल्लिखित अपेक्षा हासील करबाक लेल उक्त अवयवसभकेँ एक दोसरसँ अन्तरसम्बन्धित आ समन्वयात्मक बनबैत कार्यान्वयन करबाक छै। विद्यार्थीक सिखनाइक मूल्याङ्कन पूर्णरूपमे निर्माणात्मक मूल्याङ्कन पद्धति अवलम्बन कएल गेल अछि।

## २. तहगत सक्षमता

आधारभूत तह (कक्षा १-३) तहक अन्तमे विद्यार्थीसभ निम्नलिखित सक्षमता हासील करत :

(क) शब्दमे प्रयोग भेल ध्वनि, वर्णक शुद्ध उच्चारण आ प्रयोग

(ख) गपसप, संवाद आ प्रश्नोत्तरक क्रममे दुतरफा सञ्चार

(ग) चित्र, घटना, परिवेश आ पाठगत सन्दर्भक आधारपर विषयवस्तुक बोध आ अभिव्यक्ति

(घ) हाओभाओ, गति, यतिसहित वर्ण, शब्द आ पाठक प्रवाहपूर्ण पठन

(ङ) श्रव्य-दृश्य सामग्रीक बोधसहित भाषिक कार्य

(च) मौखिक आ लिखित अभिव्यक्तिमे सिर्जनात्मक शिल्प

(छ) मिथिलाक्षर वर्ण, मात्रा, वर्तनी, शब्द आ अङ्कक उच्चारण आ लेखन

(ज) मैथिल संस्कृति, परम्परा आ रीतिरिवाजसँ सम्बन्धित विषयवस्तुक लिखित आ मौखिक अभिव्यक्ति

## ३.कक्षागत सिखनाइ उपलब्धि (कक्षा १–३)

| कक्षा-१ | कक्षा-२ | कक्षा-३ |
|---|---|---|
| १. ध्वनिक आधारमे वर्ण आ शब्द पहिचान एवम् उच्चारण करब<br>२. स्वर आ व्यञ्जन वर्ण चिह्नि कए विभेदीकरण करब<br>३. गीत आ कविताकँ गति आ यति लय मिलाक’ गाएब<br>४. गपसप, संवाद आ प्रश्नोत्तरक क्रममे उपयुक्त भाषा प्रयोग करब<br>५. पारिवारिक परिवेशमे प्रयोग होइत शब्दक पहिचान आ उच्चारण करब<br>६. सङ्केतक (बुनका, रेखा, अर्द्धवृत्त आदि) आधारपर विभिन्न आकृति आ चित्र बनाएब<br>७. स्वरवर्ण आ व्यञ्जनवर्ण पहिचान कए उच्चारण, पठन आ लेखन करब<br>८. हर्ष आ आश्चर्यसनक संवेगात्मक अभिव्यक्ति बूझिक’ प्रतिक्रिया देब<br>९. अनेक शीर्षक, चित्र, परिवेश आ सन्दर्भक आधारपर विमर्श आ पूछपाछ करब | १. स्वर तथा व्यञ्जनवर्ण पहिचान आ उच्चारण एवम् विभेदीकरण करब<br>२. ओहने ध्वनि आ समान संरचना भेल शब्दक पहिचान आ उच्चारण करब<br>३. संवाद, गपसप आ प्रश्नोत्तरमे सहभागी भए उपयुक्त भाषाक प्रयोग करब<br>४. हर्ष, चिन्ता, आश्चर्य आदि संवेगात्मक अभिव्यक्ति बूझि प्रतिक्रिया देब<br>५. पारिवारिक आ विद्यालयीय परिवेशमे प्रयुक्त शब्द पहिचान, उच्चारण आ अर्थबोध करब<br>६. संयुक्त व्यञ्जन वर्ण प्रयोग भेल शब्दक पहिचान कए अर्थबोधसहित वाचन करब<br>७. गति, यति आ लय मिलाक’ पाठ्यवस्तुक शुद्ध वाचन करब<br>८. प्राप्त सूचना आ पढ़ल सामग्रीक आधारपर विषयवस्तु, पात्र आ घटनाक बोध कए प्रतिक्रिया देब<br>९. चित्र, शीर्षक, पाठक परिवेश आ सन्दर्भक आधारपर प्रश्नोत्तर आ विमर्श करब | १. उपयुक्त भाषाक प्रयोग कए गपसप, संवाद, विमर्श आ प्रश्नोत्तर करब<br>२. ओहने ध्वनि आ समान संरचना रहल शब्दक पहिचान आ उच्चारण करब<br>३. हलन्त आ संयुक्त वर्ण प्रयुक्त शब्दक पहिचान कए अर्थबोध आ उच्चारण करब<br>४. हर्ष, चिन्ता, उत्सुकता, आश्चर्य आदि संवेगात्मक अभिव्यक्ति बूझिक’ प्रतिक्रिया देब<br>५. पारिवारिक, विद्यालयीय आ सामाजिक परिवेशमे प्रयुक्त शब्द पहिचान कए प्रयोग करब<br>६. पाठमे प्रयोग भेल दैनिक व्यवहारक शब्द (प्रचलित शब्द) आ नव शब्द पढ़ब<br>७. गति, यति आ लय मिलाक शुद्ध आ द्रुत वाचन करब<br>८. पठित सामग्रीक आधारपर विषयवस्तु, पात्र आ घटनाक बोध कए मौखिक आ लिखित प्रतिक्रिया व्यक्त करब |

| | | |
|---|---|---|
| १०. शब्दअनुसारक चित्र आ चित्रअनुसारक शब्द पहिचान कए सवालजवाफ करब<br>११. शब्दमे प्रयुक्त संयुक्त स्वर आ व्यञ्जन वर्णक पहिचान, पठन आ लेखन करब<br>१२. शब्दमध्यक अक्षर छुटिआएब, जोड़ब, हटाएब एवम् नव शब्द निर्माण करब<br>१३. पाठ्यसामग्रीमे रहल प्रचलित आ नव शब्दक पहिचान, अर्थबोध आ प्रयोग करब<br>१४. वर्ण, शब्द आ वाक्यक अनुलेखन करब<br>१५. लेख्य चिह्न सचेतना ( पूर्णविराम, प्रश्नवाचक) सहित अभिव्यक्ति देब<br>१६. मिथिलाक्षर लिपिक स्वर आ व्यञ्जनवर्ण पहिचान कए उच्चारण, पठन आ लेखन करब | १०. शब्दक वर्ण विभाजन करब आ वर्ण जोड़ि, हटा आ परिवर्तन कए नव शब्द निर्माण करब<br>११. शब्द शब्द जोड़िक' वा छुटिआक' नव शब्द पहिचान कए उच्चारण , पठन आ प्रयोग करब<br>१२. शब्दक सन्दर्भगत अर्थ पहिचान आ वाक्यमे प्रयोग करब<br>१३. शब्दअनुसारक चित्र आ चित्रअनुसारक शब्द पहिचान कए प्रश्नोत्तर करब<br>१४. पाठ्यसामग्री पढ़िक' प्रचलित आ नव शब्दक पहिचान, अर्थवोध आ प्रयोग करब<br>१५. ह्रस्व 'इ' आ दीर्घ 'ई' सँ बनल शब्दक पहिचान, उच्चारण आ लेखन करब<br>१६. ओहने आ उन्टा अर्थबला शब्दक पहिचान, पठन आ अनुलेखन करब<br>१७. लिङ्ग, वचन, पुरुष, आदर मिलाए, लेख्यचिह्नक (प्रश्नवाचक, विस्मय चिह्न, अल्पविराम, पूर्णविराम) उपयुक्त प्रयोग कए वाक्य रचना करब<br>१८. शब्द आ वाक्यक अनुलेखन, श्रुतिलेखन, निर्देशित आ स्वतन्त्र लेखन<br>१९. मिथिलाक्षर लिपिक संयुक्त व्यञ्जनवर्ण आ वर्तनीक पठन आ लेखन करब<br>२०. मिथिलाङ्कक पहिचान, पठन आ लेखन करब | ९. शब्दअनुसारक चित्र आ चित्रअनुसारक शब्द पहिचान कए सवालजवाफ करब<br>१०. शब्दक वर्ण विभाजन करब आ वर्ण जोडिक', हटाक', बदलिक' नवका शब्दक निर्माण आ प्रयोग करब<br>११. शब्द शब्द जोड़िक' वा छुटिआक' शब्दक पहिचान कए उच्चारण आ प्रयोग करब<br>१२. शब्दक अर्थ पहिचान कए वाक्यमे प्रयोग करब<br>१३. ओहने अर्थ आ उन्टा अर्थ देबएबला शब्दक पहिचान, पठन आ अनुलेखन करब<br>१४. ह्रस्व उकार आ दीर्घ ऊकारसँ निर्मित शब्दक पहिचान, उच्चारण आ लेखन करब<br>१५. पदसङ्गति, लेख्यचिह्न आ क्रियाक कालक प्रयोग कए वाक्य आ अनुच्छेदक रचना करब<br>१६. स्थानीय परिवेश, सन्दर्भ आ विषयवस्तुक झलक देबएबला शीर्षक आ विषयवस्तु चयन कए अनुच्छेद लीखब<br>१७. तथ्य, सन्दर्भ, सूचनापर आधारित भए मौखिक आ लिखित उत्तर देब<br>१८. शब्द, वाक्य आ अनुच्छेदक अनुलेखन, श्रुतिलेखन, निर्देशित लेखन आ सृजनात्मक लेखन करब<br>१९. मिथिलाक्षरमे लीखल दैनिक रूपमे प्रयुक्त शब्द आ अङ्कक पहिचान, पठन आ लेखन करब<br>२०. देवनागरीसँ मिथिलाक्षर आ मिथिलाक्षरसँ देवनागरीमे शब्द आ अङ्कक रुपान्तर करब |

## ४. विषयवस्तुक क्षेत्र आ क्रम

**कक्षा १**

| क्र.सं. | विषयक्षेत्र | विषयवस्तु | सुननाइ आ बजनाइ | पढ़नाइ | लिखनाइ | कार्यघण्टा |
|---|---|---|---|---|---|---|
| १ | वर्णज्ञान | • स्वरवर्ण आ व्यञ्जनवर्ण<br>• वर्णक्रम<br>• मात्रा आ वर्तनी | • ध्वनि आ वर्ण सुननाइ आ उच्चारण<br>• स्वरवर्ण आ व्यञ्जनवर्ण उच्चारण<br>• मात्रा लागल वर्ण उच्चारण<br>• बालगीत वा बाल कविता | • स्वर आ व्यञ्जन पढ़नाइ<br>• मात्रा चीन्हिक' पढ़नाइ<br>• वर्ण क्रमसँ आ विक्रमसँ पढ़नाइ<br>• स्वर आ व्यञ्जन चीन्हिक' अलग कएनाइ<br>• दू अक्षरसँ बनल शब्दक माध्यमसँ पढ़नाइ | • विभिन्न सङ्केतक (बुनका, रेखा, अर्धवृत्त आदि) आधारपर आकृति आ चित्र बनाएब<br>• स्वर आ व्यञ्जन लिखनाइ<br>• मात्रा लिखनाइ<br>• वर्ण, वर्णक्रम आ शब्द अनुलेखन<br>• विभिन्न आकृति आ चित्रमे रङ भरनाइ | ६० |
| २ | हम आ हमर परिवार | • अपन आ परिवारक सामान्य परिचय<br>• पारिवारिक विषयवस्तु | • अपन परिचय (नाम, गाम, टोल) देब<br>• अपन बाबू, माए आ परिवारक सदस्यक नाम कहब<br>• पारिवारिक परिवेशक शब्दसभ सूनब आ उच्चारण करब<br>• समुदायमे प्रयोग होइत आएल आदरसूचक आ आज्ञासूचक शब्द पहिचान कए उच्चारण करब<br>• चित्र देखिक' लोकक पहिचान करब | • वर्ण आ शब्दक शुद्धसँ उच्चारण<br>• चित्र वर्णन<br>• छोट मौखिक प्रश्न उत्तर<br>• पाठक रचनासभ अनुपठन<br>• पारिवारिक शब्दसभ पढ़ब | • शब्द आ चित्र बीच जोड़ा मिलाएब<br>• मीलल चित्रमे चेन्ह लगाएब<br>• चित्रअनुसार नाम लेखन<br>• चित्रमे रङ भरब<br>• सङ्केतक आधारपर चित्र बनाएब | ९ |
| ३ | हमर दैनिक जीवन | • दैनिक क्रियाकलाप सम्बन्धी विषयवस्तु | • पाठमे प्रयुक्त दैनिक प्रयोगक शब्द आ नवका शब्द सूनब आ उच्चारण करब<br>• शब्दक शुरु आ अन्तक ध्वनि सूनब, पहिचानब आ उच्चारण करब<br>• शब्दअनुसारक चित्र आ चित्रअनुसारक शब्द चीन्हि सवालजवाफ करब | • पाठमे प्रयुक्त शब्दक पठन करब<br>• संयुक्त व्यञ्जनसँ युक्त शब्दसभ पहिचान कए पढ़ब<br>• सात दिनक नाम पढ़ब | • संयुक्त अक्षरसँ बनल शब्दक अनुलेखन करब<br>• जोड़ा मिलाएब<br>• खाली ठाममे मिलएबला वर्ण भरब<br>• मीलल चित्रमे चेन्ह लगाएब आ रङ भरब | ९ |

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| ४ | अपन समुदाय | • मिथिलाक सांस्कृतिक स्थान<br>• सामुदायिक विषयवस्तु | • मिथिलाक सांस्कृतिक स्थानसभक नाम सूनब आ सुनाएव<br>• श्रव्य-दृश्य सामग्रीक आधारपर वस्तु चीन्हिक' कहब<br>• हर्ष आ आश्चर्यसनक संवेगात्मक अभिव्यक्ति बूझिक' प्रतिक्रिया देब<br>• शिक्षकक सहयोगमे कविता सूनिक' वाचन करब | • पाठक रचनाक अनुपठन करब<br>• पाठगत सन्दर्भ बूझिक' विमर्श करब<br>• पठनउपरान्तक प्रश्नोत्तरमे सही शब्दक प्रयोग करब<br>• शिर्षक आ चित्रक आधारमे विमर्श एवम् प्रश्नोत्तर करब | • चित्रसँ मिलैत शब्दक जोड़ा मिलान<br>• समुदायमे प्रयोग भेल आज्ञासूचक आ आदरसूचक शब्दसभक अनुलेखन करब<br>• कोष्ठपदमार्फत शब्द निर्माण करब<br>• चित्रमे रङ भरनाइ | १० |
| ५ | हमर विद्यालय | • विद्यालय सम्बन्धित विषयवस्तु | • विद्यालय, सङ्गीसाथी, शिक्षकक नाम बताएब<br>• विद्यालयक सामग्रीसभक नाम कहब<br>• पाठगत परिवेश, पात्रक पहिचान, गपसप करब<br>• शब्दअनुसारक चित्र आ चित्र अनुसारक शब्द पहिचान कए उच्चारण करब<br>• पाठमे प्रयुक्त प्रचलित आ नवका शब्द सूनब-सुनाएब | • विद्यालयसम्बद्ध शब्दसभक पठन करब<br>• पठनपश्चात्क सवालजबावमे उपयुक्त शब्दक प्रयोग करब<br>• संयुक्त व्यञ्जनयुक्त शब्दक उच्चारण करब-पढ़ब<br>• पाठक रचनासभक मौखिक प्रश्नोत्तर | • शब्दमध्यक अक्षर छुटिआएब, जोड़ब, हटाएब आ परिवर्तन करब<br>• मिलैत शब्द जोड़िक' शब्दक निर्माण करब<br>• संयुक्त व्यञ्जनयुक्त शब्दसभक अनुलेखन करब<br>• चित्रअनुसारक शब्द लेखन-अनुलेखन करब<br>• चित्रमे रङ भरब | ८ |
| ६ | हमरा सभक वातावरण | • वातावरणीय विषयवस्तु | • संवाद आ प्रश्नोत्तरक क्रममे उपयुक्त शब्द आ वाक्य प्रयोग करब<br>• गाछबिरीछ, वन्यजन्तुसभक नाम सूनब आ सुनाएब<br>• अनेक चित्र आ सन्दर्भक आधारपर विमर्श आ पूछपाछ करब<br>• शब्दक शुरु आ अन्तक ध्वनि पहिचान करब आ उच्चारण करब | • लेख्य चिह्नक (पूर्णविराम, प्रश्नवाचक)पहिचान कए वाक्य पढ़ब<br>• हिज्जेअनुसार शब्दक पठन करब<br>• वातावरणीय शब्दसभक पाठ करब<br>• गति, यति आ लय मिलाक' पठन करब | • लेख्य चिह्न (पूर्णविराम, प्रश्नवाचक) सहित शब्द-वाक्यक अनुलेखन करब<br>• चित्रमे रङ भरब<br>• खाली ठाममे शब्दपूर्ति करब<br>• वर्ण जोड़िक' शब्द निर्माण करब | ८ |

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| ७ | हमर सृजन | • चित्र, मूर्ति, गीत, नृत्यसहित सृजनात्मक विषयवस्तु | • स्थानीय गीतसभ लयमे गाएब-सुनाएब<br>• नाचगानसम्बन्धी शब्दसभक वाचन करब<br>• श्रव्यदृश्य सामग्रीक आधारमे मुख्य मुख्य विषयवस्तुक पहिचान<br>• चित्रसभ पहिचान कए बताएब | • स्थानीय बालगीतसभ हाओभाओसहित पढ़ब<br>• शब्द अनुसारक चित्र आ चित्रअनुसारक शब्द चीन्हिक' सवालजवाफ करब<br>• पाठ्यसामग्रीमे प्रचलित आ नव शब्दक पहिचान कए पढ़ब<br>• पाठमे प्रयोग भेल शब्दक अर्थ बनाएब | • पाठमे प्रयुक्त शब्द वा वाक्यक अनुलेखन करब<br>• शब्दमध्यक अक्षर छुटिआएब, जोड़ब, हटाएब आ बदलब<br>• चित्र बनाएब आ चित्रमे रङ भरब<br>• वर्ण जोड़िक' शब्द निर्माण करब | ९ |
| ८ | अपन संस्कृति | • मैथिल संस्कृति सम्बद्ध विषयवस्तु | • पावनि-तिहारसभक नाम उच्चारण करब<br>• शीर्षक, चित्र, परिवेशक आधारपर विमर्श आ प्रश्नोत्तर करब<br>• स्थानीय लोकगीत लयमे सूनब आ गाएब<br>• लोककथाक शब्दसभक शुद्ध उच्चारण करब | • पाठमे लीखल लोकगीत गति, यति आ लय मिलाक' गाएब<br>• शब्दअनुसारक चित्र आ चित्रअनुसारक शब्द पहिचान कए सवाल-जवाव करब<br>• संस्कृतिसम्बद्ध शब्दसभ पढ़ब आ घोसब | • कोष्ठपदमार्फत शब्द निर्माण करब<br>• पावनितिहारसभक शब्दसूची बनाएब<br>• जोड़ा मिलाएब<br>• पाठगत शब्द आ वाक्यक अनुलेखन करब<br>• चित्रसभक नाम लीखब<br>• चित्रमे रङ भरब | १० |
| ९ | सञ्चार प्रविधि | • सञ्चार सम्बद्ध विषयवस्तु | • सञ्चार साधनसभक नामक उच्चारण करब<br>• हाओभाओ आ अभिनयसहित मौखिक प्रस्तुति<br>• पाठक चित्र, परिवेश, सन्दर्भक पहिचान आ प्रस्तुति करब<br>• सञ्चार साधनबारे गपसप आ सही शब्दक प्रयोग करब | • सञ्चारसम्बद्ध शब्द आ वाक्य पढ़ब<br>• पाठमे रहल प्रचलित आ नवका शब्दसभ पहिचान कए पठन करब<br>• शब्दसभ घोसब आ कण्ठस्थ करब<br>• शब्दअनुसारक चित्र आ चित्रअनुसारक शब्द चीन्हिक' प्रश्नोत्तर करब | • चित्र बनाएब आ चित्रमे रङ भरब<br>• खाली ठाममे शब्द भरब<br>• शब्द आ वाक्यक अनुलेखन करब<br>• लेख्य चिह्नसहितक वाक्यक अनुलेखन करब | ९ |

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| १० | खेलकूद | • खेलकूदसम्बद्ध विषयवस्तु | • स्थानीय खेलसभक नामक उच्चारण<br>• शीर्षक, चित्र आ सन्दर्भक आधारपर गपसप आ प्रश्नोत्तर करब<br>• शब्दक शुरु आ अन्तक ध्वनि पहिचान आ उच्चारण करब<br>• संयुक्त व्यञ्जनसहितक शब्द सूनब आ सुनाएब | • संयुक्त व्यञ्जनसहितक शब्दक पठन<br>• पाठ्यवस्तु हाओभाओसहित पठन करब आ सवालजवाब करब<br>• शब्द-चित्र तालिका देखब, पढ़ब आ गप करब | • खाली ठाममे सही शब्द भरब<br>• सही चित्र वा शब्दमे चेन्ह लगाएब<br>• संयुक्त व्यञ्जनसहितक शब्द आ सरल वाक्यक अनुलेखन करब<br>• कोष्ठपदमार्फत शब्द निर्माण करब | ८ |
| ११ | मिथिलाक्षर लिपि | • आँजि, स्वर आ व्यञ्जन वर्ण<br>• मात्रा<br>• वर्णक्रम | • ध्वनि आ वर्ण सुननाइ आ उच्चारण<br>• स्वरवर्ण आ व्यञ्जनवर्ण उच्चारण<br>• मात्रा लागल वर्ण उच्चारण | • स्वर आ व्यञ्जन पढ़नाइ<br>• वर्ण क्रमसँ आ विक्रमसँ पढ़नाइ<br>• स्वर आ व्यञ्जन चीन्हिक' अलग कएनाइ | • आँजि, स्वर आ व्यञ्जन लिखनाइ<br>• वर्ण आ वर्णक्रम अनुलेखन<br>• विभिन्न आकृति आ चित्रमे रङ भरनाइ | २० |
| | | | जम्मा | | | १६० |

**कक्षा २**

| क्र.सं. | विषयक्षेत्र | विषयवस्तु | सुननाइ आ बजनाइ | पढ़नाइ | लिखनाइ | कार्यघण्टा |
|---|---|---|---|---|---|---|
| १ | हम आ हमर परिवार | • घर-परिवारसँ सम्बद्ध विषयवस्तु | • घर-परिवारमे प्रयोग होइत आएल शब्द पहिचान कए उच्चारण<br>• ओहने ध्वनि आ समान संरचना भेल शब्दक वाचन<br>• चित्र देखिक' मौखिक वर्णन<br>• अपन, बाबू, माए आ परिवारक परिचय बताएब | • शब्द-चित्र तालिका देखिक' जवाब देब<br>• पाठ्यवस्तु पढ़िक' विमर्श आ प्रश्नोत्तर<br>• पाठ्य रचना शुद्ध पढ़ब<br>• हाओभाओ आ गति मिलाक' सस्वर वाचन<br>• पाठगत नव शब्दक पहिचान आ पठन | • वर्ण विभाजन कए, वर्ण जोड़ि, हटा आ बदलिक' नव शब्द बनाएब<br>• खाली ठाममे उचित शब्द भरब<br>• शब्दक अर्थ पहिचान कए वाक्यमे प्रयोग<br>• पाठक परिवेशक आधारपर प्रश्नक उत्तर लीखब<br>• निर्दिष्ट वाक्यक लिखना<br>• चित्र पारिक' रङ भरब | १८ |
| २ | हमर दैनिक जीवन | • दैनिक जीवनसँ जूटल क्रियाकलाप | • पाठमे प्रयुक्त शब्द चिन्हिक उच्चारण<br>• शब्दक शुरु आ अन्तक ध्वनि सूनब, पहिचानब आ उच्चारण करब<br>• परिवेश आ सन्दर्भक आधारपर संवाद, गपसप आ प्रश्नोत्तर<br>• चित्रसभ देखिक' वर्णन<br>• लयात्मक रचनाक एकल, युगल, सामूहिक वाचन | • चित्र पठन आ वर्णन<br>• पाठमे प्रयुक्त, शब्द पहिचान आ पठन<br>• संयुक्त व्यञ्जनवर्णयुक्त शब्दक पहिचान कए पाठ करब<br>• पाठ्यरचनामे आधारित प्रश्न उत्तर<br>• हाओभाओ सहित सस्वर पाठ पठन | • शब्द-शब्द जोड़िक' आ छुटिआक' लीखब<br>• शब्दक क्रम मिलाक' वाक्य लीखब<br>• संयुक्त व्यञ्जनयुक्त शब्दक लेखन आ अनुलेखन<br>• शब्द अनुसारक चित्र आ चित्रअनुसारक शब्द पहिचान कए प्रश्नोत्तर<br>• शब्द-चित्रबीच जोड़ा मिलाएब<br>• साधारण अनुच्छेदक लिखना | १६ |
| ३ | अपन समुदाय | • मिथिलाक ऐतिहासिक/सांस्कृतिक स्थान<br>• सामुदायिक क्रियाकलाप | • चित्रसभक अवलोकन कए तुलना करब<br>• मिथिलाक ऐतिहासिक/सांस्कृतिक स्थानक नाम सूनब आ सुनाएब<br>• सन्दर्भक आधारपर सवालजवाफ | • चित्र अवलोकन आ वर्णन<br>• पाठ्यसामग्री पढ़िक' प्रचलित आ नव शब्द पहिचान, अर्थबोध आ पठन | • मिथिलाक ऐतिहासिक/सांस्कृतिक स्थानक नाम सूनब आ सुनाएब<br>• लिङ्ग आ वचनक सङ्गति मिलएबला शब्द चूनिक' वाक्य लेखन | १८ |

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | ● श्रव्य सामग्रीक सुननाइ आ प्रतिक्रिया<br>● समुदायमे प्रयुक्त शब्दसभ उच्चारण | ● ह्रस्व 'इ आ दीर्घ 'ई' सँ बनल शब्दक पहिचान, पठन आ अर्थबोध<br>● हर्ष, चिन्ता, आश्चर्यसन संवेगात्मक अभिव्यक्तियुक्त वाक्यसभ हाओभाओसहित पठन<br>● पाठगत विषयवस्तुक बोध आ अभिव्यक्ति | ● ह्रस्व 'इ' आ दीर्घ 'ई' सँ बनल शब्दक लेखन अभ्यास<br>● अनुच्छेदक श्रुति लेखन<br>● खाली ठाममे उपयुक्त शब्द भरब<br>● शब्द-चित्रबीच जोड़ा मिलाएब<br>● अनुच्छेद लिखना | |
| ४ | हमर विद्यालय | ● विद्यालय सम्बन्धी गतिविधि | ● शब्दअनुसारक चित्र आ चित्रअनुसारक शब्द पहिचान कए उच्चारण<br>● चित्र/दृश्यक आधारपर विद्यालयक कियाकलापक वर्णन<br>● पाठमे प्रयुक्त ह्रस्व 'इ' आ दीर्घ 'ई' सँ बनल कियाक उच्चारण<br>● पाठ्यवस्तु लयमे सूनब आ सुनाएब<br>● विद्यालय परिवेशमे प्रचलित शब्दक उच्चारण | ● विद्यालय परिवेशक शब्दसभ पहिचान कए पठन-अनुपठन<br>● पाठ पढ़िक' विमर्श आ पूछपाछ<br>● हाओभाओ आ गतिसहित पाठक सस्वर पठन<br>● शब्द-चित्र तालिका अवलोकन-पठन<br>● शब्दार्थ पढब आ घोसब | ● घरक हन्नासभमे सङ्केतक आधारपर शब्द भरब<br>● देल गेल वाक्यमेसँ सही शब्द भरिक' वाक्य पूरा करब<br>● पाठक शब्दसभक वाक्यमे प्रयोग करब<br>● शब्द-शब्द जोड़िक' आ छुटिआक' नव शब्द बनाएब<br>● निर्देशनक आधारपर चित्र निर्माण कए रङ भरब | १६ |
| ५ | हमरा सभक वातावरण | ● हमरासभक आसपासक वातावरण आ साफसफाइ | ● वातावरणीय चित्रसभ देखिक' वर्णन करब<br>● पाठ्यवस्तु सूनिक' पूछल प्रश्नक उचित जवाव देब<br>● शब्दक अर्थ बूझि वाक्यमे मौखिक प्रयोग करब<br>● ओहने आ उन्टा अर्थबला शब्दक पहिचान कए उच्चारण करब | ● शब्द-चित्र तालिका देखि जवाव देब<br>● पाठमे प्रयुक्त विषयवस्तु आ घटना बूझि प्रतिकिया देब<br>● वातावरणीय शब्दसभक उच्चारण करब<br>● ओहने आ उन्टा अर्थबला शब्द चीन्हब, पढ़ब आ घोसब | ● शब्दसभ जूटल वाक्यसँ शब्द अलग करब आ नव शब्द बनाएब<br>● चित्रसङ्ग मीलल शब्दमे चेन्ह लगाएब<br>● ओहने आ उन्टा अर्थबला शब्दसभक अलग अलग जोड़ा मिलाएब<br>● शब्दक सन्दर्भगत अर्थ बूझि वाक्यमे प्रयोग करब | १६ |

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | ● निर्देशित तालिकाअनुसार वाक्य रचना करब<br>● पाठक अनुच्छेद लिखना | |
| ६ | हमर सृजन | ● चित्र रेखाङ्कन, गायन, हस्तकला, सृजनात्मक लेखन | ● दृश्य/चित्र, शीर्षक, पाठक आधारपर गपसप आ पूछपाछ<br>● बालगीत लयमे सूनब आ लयमे गाएब<br>● दूटा दृश्यक समानता आ भिन्नता पहिचान<br>● शब्द-शब्द जोड़ि वा छुटिआक' बनल नव शब्दक उच्चारण<br>● हस्तकला सामग्रीक चित्रसभक वर्णन | ● चित्र आ मूर्तिसम्बन्धी रचना पढ़िक' प्रश्नोत्तर<br>● शब्द-चित्र तालिका देखि जवाव देब<br>● प्रचलित आ नव शब्द पहिचान कए सस्वर पढ़ब<br>● पाठ्यवस्तुक पठनपश्चात् परिवेश आ पात्रक बीच तुलना करब<br>● चित्र वर्णन | ● निर्देशित चित्र निर्माण कए रङ भरब<br>● शब्द-शब्द जोड़िक' वा छुटिआक' नवका शब्द बनाएब<br>● लेख्य चिह्न(पूर्णविराम, अल्पविराम, प्रश्नवाचक, विस्मय चिह्न) मिलाक' वाक्य पूरा करब<br>● निर्दिष्ट सङ्केतक आधारमे आ शब्दावलीक आधारपर कविता आ गीत रचना<br>● निर्देशित हस्तकला सामग्रीक चित्राङ्कन<br>● अनुच्छेदक लिखना | १६ |
| ७ | अपन संस्कृति | ● मिथिलाक कला, परम्परा, पावनि आ भेषभूषा | ● मिथिला कलासम्बन्धी संवाद आ प्रश्नोत्तर<br>● पावनिसभक नाम कहब<br>● सांस्कृतिक विषयवस्तुक आधारपर गपसप कए मौखिक अभिव्यक्ति देब<br>● पाठ्यवस्तु लयमे सूनब आ वाचन करब<br>● चित्र देखिक' वर्णन करब | ● पाठ पढ़िक' विमर्श आ प्रश्नोत्तर<br>● पाठमे लिखित पावनि गीत गति आ लय मिलाक' शुद्धसँ पढ़ब<br>● सांस्कृतिक शब्दसभ सस्वर पढ़ब<br>● शब्दक अर्थ बूझि वाक्यमे प्रयोग करब<br>● शब्द-चित्र तालिका देखि जवाब देब | ● शब्दमे वर्ण जोड़ि, हटा आ बदलिक' नव शब्द निर्माण<br>● खाली ठाममे उचित शब्द भरब<br>● निर्देशित तालिकाअनुसार वाक्य बनाएब<br>● शब्द आ अर्थक बीच जोड़ा मिलाएब<br>● स्वतन्त्र वाक्य लेखन<br>● चित्रक आधारपर साधारण अनुच्छेद लेखन | १८ |
| ८ | सञ्चार प्रविधि | ● सञ्चार प्रविधिक | ● सञ्चार आ प्रविधिक साधनक नाम चिन्हिक' शुद्ध उच्चारण | ● निर्देशित रचना पढ़िक' प्रश्न उत्तर | ● संयुक्त व्यञ्जन प्रयुक्त शब्दसभक वाक्यमे प्रयोग करब | १६ |

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | साधन आ प्रयोग | • चित्र/दृश्य अवलोकन कए वर्णन करब<br>• निर्दिष्ट सूचनाक आधारपर विषयवस्तु बूझि प्रतिकिया देब<br>• श्रव्य सामग्रीक श्रुतिबोध | • सञ्चारसम्बन्धी शब्दसभ शुद्ध उच्चारण<br>• पाठ्यरचना हाओभाओसहित पठन करब<br>• शब्द-चित्र तालिका देखिक' जवाव देब<br>• पाठगत विषयवस्तुक बोध | • पदसङ्गति आ लेख्य चिह्न मिलाक' वाक्य लीखब<br>• घरक हन्नासभमे सङ्केतक आधारपर शब्द भरब<br>• वाक्य आ अनुच्छेदक श्रुतिलेखन<br>• सूचना प्रविधिक साधनक आधारपर निर्देशित लेखन<br>• अनुच्छेदक लिखना | |
| ९ | खेलकूद | • स्थानीय खेल आ खेल सामग्री | • चित्रक आधारपर स्थानीय खेलसभक वर्णन<br>• शीर्षक, चित्र, परिवेश आ सन्दर्भक आधारपर विमर्श आ प्रश्नोत्तर<br>• खेलसम्बन्धी गीत लयमे सूनब आ सुनाएब<br>• श्रव्य सामग्रीक बोध आ अभिव्यक्ति | • शब्द-चित्र तालिका देखिक' उत्तर देब<br>• पाठ्यवस्तु हाओभाओसहित पठन कए सवाल-जवाव<br>• पाठमे प्रयोग भेल शब्द चीन्हिक' सस्वर पठन आ अर्थबोध<br>• पठनबोध आ अभिव्यक्ति<br>• खेल अनुभवक वर्णन | • खेलसम्बन्धी सामग्रीसभक जोड़ा मिलाएब<br>• घरक हन्नामे उपयुक्त शब्द भरब<br>• निर्देशित तालिकाअनुसार वाक्य निर्माण करब<br>• चित्रसङ्ग मीलल शब्दमे चेन्ह लगाएब<br>• सङ्केतक आधारपर वाक्य पूरण<br>• शब्द आ वाक्यक श्रुतिलेखन<br>• खेलसम्बन्धी अनुभव लेखन | १६ |
| १० | मिथिलाक्षर लिपि | • संयुक्त वर्ण, वर्तनी आ अङ्क | • मिथिलाक्षर लिपिमे संयुक्त वर्णसभक उच्चारण<br>• वर्तनीक उच्चारण<br>• मिथिलाङ्क एकसँ पचासधरि पहिचान कए वाचन | • मिथिलाक्षर लिपिमे संयुक्त वर्ण पहिचान कए पढ़ब<br>• वर्तनी पढ़नाइ<br>• मिथिलाङ्क पढ़ब (एकसँ पचासधरि) | • मिथिलाक्षरमे संयुक्त वर्णसभक लेखन-अनुलेखन<br>• वर्तनी लिखनाइ<br>• मिथिलाङ्क एकसँ पचासधरि अक्षर आ अङ्कमे लेखन | १० |
| | | | जम्मा | | | १६० |

**कक्षा ३**

| क्र.सं. | विषयक्षेत्र | विषयवस्तु | सुननाइ आ बजनाइ | पढ़नाइ | लिखनाइ | कार्यघण्टा |
|---|---|---|---|---|---|---|
| १ | हम आ हमर परिवार | • पारिवारिक भूमिका आ जिम्मेवारी | • शब्दक शुरु आ अन्तक ध्वनि सूनब, पहिचानब आ उच्चारण करब<br>• चित्रक आधारपर विषयवस्तुक वर्णन<br>• परिवारक सदस्य (माए, बाबू, बाबा, दाइ आदि) सभक काजक विषयमे सूनब आ कहब<br>• पारिवारिक परिवेशक शब्द आ सरल वाक्यसभ सूनब आ उच्चारण<br>• गपसपमे उपयुक्त भाषाक प्रयोग | • चित्रक आधारपर प्रश्न-उत्तर<br>• हाओभाओ, गति आ शुद्धतासहित पाठ पठन<br>• पाठमे प्रयोग भेल नव शब्दक पहिचान, शुद्ध पठन आ अर्थबोध<br>• निर्देशित समयभीतर शब्द, वाक्य आ अनुच्छेद पठन<br>• संयुक्त व्यञ्जन प्रयुक्त शब्दक पहिचान आ पठनबोध<br>• चिह्न सङ्केतक आधारपर शुद्धसँ पढब<br>• पारिवारिक भूमिकाक विषयमे वर्णन | • चित्र निर्माण आ रङ भरनाइ<br>• सङ्केतक आधारपर वाक्य निर्माण<br>• संयुक्त अक्षरसहितक शब्द, वाक्य आ अनुच्छेद लेखन आ श्रुतिलेखन<br>• नाता आ भूमिकासम्बन्धी जोड़ा मिलाएब<br>• शब्दक अर्थ पहिचान क' वाक्यमे प्रयोग करब<br>• परिवारमे प्रयोग होबएबला शब्द सभक सूची निर्माण<br>• परिवारमे अपन भूमिकाक विषयमे छोट अनुच्छेद लेखन | १८ |
| २ | हमर दैनिक जीवन | • दैनिक कियाकलाप | • पाठगत शब्द आ वाक्य सुननाइ आ बजनाइ<br>• दैनिक जीवनमे प्रयोग होबएबला शब्दसभ सूनब आ बाजब<br>• शब्द-शब्द जोड़िक' आ अलग क'क' शब्दक पहिचान कए उच्चारण<br>• शब्द अनुसारक चित्र आ चित्र अनुसार सवालजवाफ<br>• तथ्य, सन्दर्भ आ सूचनापर आधारित भए मौखिक उत्तर देब | • पाठमे प्रयुक्त शब्द, वाक्य आ अनुच्छेदक पठन<br>• लयात्मक रचनासभक एकल, युगल आ सामूहिक वाचन<br>• शब्दसँ वर्णके अलग क' आ अलग कएल वर्णके जोड़िक' बनल शब्द पढ़ब<br>• परिवारसँ सम्बन्धित बालकथाक पठनबोध<br>• चन्द्रविन्दु, अनुस्वार आ विसर्गयुक्त शब्दक पठन | • पाठगत शब्द आ ओकर अर्थ लेखन तथा वाक्यमे प्रयोग<br>• सभिया वर्णसङे अनेक वर्णके जोड़ि शब्द निर्माण<br>• लेख्य चिह्न प्रयोग कएल वाक्य आ अनुच्छेद लेखन<br>• पाठगत प्रश्नोत्तर लेखन<br>• चित्रसभक सृजन आ रङ भरण<br>• चन्द्रविन्दु, अनुस्वार आ विसर्गयुक्त शब्दक लेखन, अनुलेखन<br>• पाठक लिखना | १६ |

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| ३ | अपन समुदाय | • सामुदायिक कार्य आ सहभागिता | • श्रव्य-दृश्य सामग्रीक आधारपर सामाजिक परिवेशमे प्रयुक्त शब्द आ वस्तु चीन्हिक' कहब<br>• पाठमे आएल शब्द, चित्र आ परिवेशक विषयपर आधारित भ' गपसप, संवाद आ सवाल-जवाव<br>• हर्ष, चिन्ता, आश्चर्य सनक संवेगात्मक अभिव्यक्ति बूझिक' प्रतिक्रिया देब<br>• आदरसूचक आ आज्ञामूलक शब्द पहिचान कए उच्चारण | • पाठगत रचनासभक हाओभाओ, गति आ शुद्धतासहित अनुपठन करब<br>• पाठक आधारपर घटनाक वर्णन<br>• पाठ पढ़ि प्रश्नोत्तर<br>• शीर्षक आ पूर्वज्ञानक आधारपर पाठ्यवस्तुक पठन आ बोध<br>• सन्दर्भ सामग्री पढ़िक' पढनाइक गति वृद्धि<br>• सामुदायिक कार्यकेर वर्णन<br>• ओहने आ उन्टा अर्थबला शब्दक पहिचान आ पठन | • पाठगत शब्द आ ओकर अर्थ लेखन तथा वाक्यमे प्रयोग<br>• समुदायमे आधारित विषयवस्तुक लेखन तथा श्रुतिलेखन<br>• खाली स्थानमे उपयुक्त क्रियापद भरब<br>• शब्दक वर्ण विभाजन आ वर्ण जोड़िक', हटाक' आ बदलिक' नवका शब्दक निर्माण<br>• वाक्य तथा अनुच्छेदक रचना<br>• प्रश्नोत्तर लेखन<br>• कोष्ठपदमार्फत शब्द निर्माण<br>• ओहने आ उन्टा अर्थबला शब्दक लेखन-अनुलेखन<br>• पाठक लिखना | १८ |
| ४ | हमर विद्यालय | • विद्यालयक परिचय तथा गतिविधि | • चित्र देखिक विद्यालयसम्बन्धी क्रियाकलाप वर्णन<br>• पाठगत शब्दक उच्चारण, अनुकथन<br>• विद्यालयसँ सम्बन्धित गीत, कविता आदिक सस्वर वाचन आ गायन<br>• प्रधानाध्यापकसहित विद्यालयक शिक्षक आ कर्मचारीक नाम सङहि साथीसभक नाम आ ठेकान बताएब | • चित्रक आधारमे विमर्श तथा प्रश्नोत्तर<br>• पाठमे प्रयुक्त नव शब्दक पहिचान, शुद्ध पठन आ अर्थबोध<br>• पाठ पढ़िक' प्रश्नोत्तर<br>• पठित सामग्रीक आधारपर विषयवस्तु, पात्र आ घटनाक बोध कए प्रतिक्रिया देब<br>• पाठक भावानुकूल, हाओभाओ, गति आ शुद्धतासहित पाठ पठन<br>• शब्द शब्द जोड़िक' आ छुटिआक' बनल शब्दक पठन | • पाठगत शब्दक अर्थ पहिचान क' वाक्यमे प्रयोग<br>• पाठगत अनुच्छेदक श्रुतिलेखन<br>• विद्यालय गतिविधिसम्बन्धी निर्देशित लेखन<br>• विभिन्न कालअनुसार कोष्ठकमे देल गेल उपयुक्त क्रियापद पहिचान क' खाली स्थान भरब<br>• विद्यालयक विषयमे छोट अनुच्छेद लेखन<br>• पाठगत प्रश्नोत्तर लेखन<br>• शब्द शब्द जोड़िक' आ छुटिआक' बनल शब्दक पहिचान आ प्रयोग<br>• पाठक लिखना | १६ |

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | • पाठमे प्रयुक्त प्रचलित आ नवका शब्द सूनब-सुनाएब<br>• पाठगत परिवेश, पात्रक पहिचान आ गपसप | | | |
| ५ | हमरा सभक वातावरण | • वातावरण संरक्षण आ सचेतना | • अनेक चित्र आ वन्यजन्तुसभक चित्रसभक वर्णन<br>• संवाद आ प्रश्नोत्तरक क्रममे उपयुक्त शब्द आ वाक्यक प्रयोग<br>• पाठसम्बद्ध विषयवस्तुक बयान<br>• अनेक प्रकारक गाछविरीछ, ऋतु, वन्यजन्तुसभक नाम सूनब आ सुनाएब<br>• पाठक शब्दक अर्थसहित अनुकथन<br>• चित्रसँ मौसमक अनुमान | • लेख्य चिह्नक पहिचान कए वाक्य पढ़ब<br>• आशय आ भाव अनुकूल हाओभाओ, गति आ शुद्धतासहित पाठ पठन<br>• पाठ पढ़िक' सवालजवाफ<br>• हिज्जेअनुसार शब्दक पठन<br>• वातावरणीय शब्दसभक पहिचान, पठन आ अर्थबोध<br>• पाठगत विषयवस्तुक बोध आ अभिव्यक्ति<br>• ह्रस्व उकार आ दीर्घ ऊकारसँ निर्मित शब्दक पहिचान आ पठन | • लेख्य चिह्न (अल्पविराम, पूर्णविराम, प्रश्नवाचक, विस्मय चिह्न) सहित शब्द, वाक्यक अनुलेखन-लेखन<br>• खाली स्थानमे शब्द चयन कए पूर्ति<br>• कोष्ठपदसँ शब्द निर्माण<br>• वातावरणीय शब्दसभक संकलन तथा लेखन<br>• वातावरण संरक्षणसम्बन्धी छोट अनुच्छेदक लिखना<br>• पाठ्यसामग्रीक आधारपर विषयवस्तु बोध कए लिखित प्रतिक्रिया देब<br>• ह्रस्व उकार आ दीर्घ ऊकारसँ निर्मित शब्दक लेखन-अनुलेखन | १६ |
| ६ | हमर सृजन | • चित्र, गीत, नृत्य, हस्तकला, सृजनात्मक लेखन | • स्थानीय लोकगीतसभ लयमे गाएब-सुनाएब<br>• पाठमे प्रयुक्त नव शब्दक पहिचान आ उच्चारण<br>• हस्तकला-सामग्रीसभक चित्र पहिचान कए बताएब<br>• मौखिक प्रश्नोत्तर<br>• श्रव्य सामग्रीक बोध आ अभिव्यक्ति | • स्थानीय लोकगीत आ बालगीत लय आ गति मिलाकए पढ़ब<br>• शब्द अनुसारक चित्र आ चित्रअनुसारक शब्द चीन्हिक प्रश्नोत्तर<br>• पाठमे रहल नव शब्दक पहिचान कए पढ़ब<br>• पाठगत आधारमे अपन अनुभव बताएब | • स्थानीय स्तरमे प्रयोग होइत आएल हस्तकला-वस्तुसभक चित्र बनाएब<br>• अपन पसीनक चित्र बनाक' रङ भरब<br>• पाठक अनुच्छेदक श्रुतिलेखन<br>• शब्दक अर्थ पहिचान कए वाक्यमे प्रयोग<br>• लिङ्ग, वचन, पुरुष मिलाकए बनल वाक्य लेखन<br>• ओहने आ उन्टा अर्थबला शब्दक अलग अलग जोड़ा मिलाएब | १६ |

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | • पाठगत विषयवस्तुक बोध आ अभिव्यक्ति<br>• ओहने आ उन्टा अर्थबला शब्दक पहिचान आ पठन | • उपयुक्त क्रियापद चयन क खाली स्थान भरब<br>• शब्दक शुरु, बीच आ अन्त्यसँ वर्ण हटाकए नव शब्द वनाएब<br>• वर्ण जोड़िक' वा बदलिक' नव शब्द निर्माण<br>• पाठगत प्रश्नोत्तर लेखन<br>• शब्दावलीक आधारपर कविता, कथाक रचना करब | |
| ७ | अपन संस्कृति | • मिथिलाक लोककथा, लोकगीत, लोकनाच, पावनि, सांस्कृतिक स्थल | • स्थानीय लोकगीत लयमे सूनब आ गाएब<br>• पावनि-तिहारसभक नाम उच्चारण करब आ ओकर विषयमे संक्षेपमे बताएब<br>• शीर्षक, चित्र, परिवेशक आधारपर उपयुक्त भाषा प्रयोग क' गपसप, संवाद<br>• लोककथाक शब्दसभक शुद्ध उच्चारण<br>• मिथिलाक लोकगाथाक नाम सूनब आ कहब<br>• अनुच्छेद सूनिक' प्रश्नक उत्तर देब | • पाठगत रचनासभक पठन<br>• लोकगीत आ कवितासभ हाओभाओ, गति आ लय मिलाकए पढ़ब<br>• निर्देशित पाठगत सांस्कृतिक स्थलसभक विषयमे पढ़ब आ प्रतिकिया देव<br>• अनुच्छेद पढ़िक' उत्तर कहब<br>• दूटा शब्दक मेलसँ बनल नव शब्द पढ़ब<br>• पाठक आधापर अपन संस्कृतिक बयान | • पाठगत शब्दक अर्थ लेखन आ वाक्यमे प्रयोग<br>• चित्र निर्माण, रङ भरब आ ओकर परिचय लीखब<br>• कोष्ठपदमार्फत शब्द निर्माण<br>• पावनि, लोकगीत, लोकगाथा आदिक सूची निर्माण<br>• लोकनाचक विषयमे छोट अनुच्छेद लेखन<br>• शब्द अर्थबीच, पावनि आ ओहिसँ सम्बद्ध पात्र/समुदायक बीच जोड़ा मिलाएब<br>• पाठगत शब्द, वाक्य आ अनुच्छेदक श्रुतिलेखन<br>• अनुच्छेदक पठनबोध क' उत्तर लीखब<br>• पाठगत रचनाक लिखना | १८ |
| ८ | सञ्चार प्रविधि | • सञ्चार प्रविधि आ प्रयोग | • सञ्चार साधनक विषयमे जानब आ कहब | • पाठमे प्रयुक्त नया शब्दक पहिचान, शुद्ध पठन आ अर्थबोध | • पाठसँ सम्बन्धित शब्दक अर्थबोध आ वाक्यमे प्रयोग<br>• सञ्चार साधनक चित्र आ प्रयोगक विषयमे जोड़ा मिलाएब | १६ |

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | • पाठक चित्र, परिवेश आ सन्दर्भक पहिचान क' वर्णन<br>• हर्ष, चिन्ता, आश्चर्य सनक संवेगात्मक अभिव्यक्ति बूझि प्रतिक्रिया देब<br>• सञ्चार-साधनक सकारात्मक आ नकारात्मक पक्षक विषयमे गपसप, विमर्श<br>• पाठगत विषयसम्बद्ध मौखिक प्रश्नोत्तर<br>• श्रव्य, दृश्य आ श्रव्यदृश्य सामग्रीक बोध आ अभिव्यक्ति | • पाठमे रहल प्रचलित आ नवका शब्द, वाक्यसभक पठन<br>• सञ्चारसम्बन्द्ध अनुच्छेदक पठन<br>• शब्द अनुसारक चित्र, चित्र अनुसारक शब्द चीन्हिकए सवाल-जवाव<br>• पाठगत विषयवस्तुक बोध आ अभिव्यक्ति<br>• सञ्चारक उपयोगक विषयमे अपन अनुभव आ विचार बताएब | • खाली ठाममे उपयुक्त शब्द भरब<br>• लेख्य चिह्नक प्रयोगसहित वाक्य आ अनुच्छेद लेखन<br>• पाठगत प्रश्नोत्तर लेखन<br>• सञ्चार प्रविधिक प्रयोगक विषयमे निर्देशित लेखन<br>• शब्द शब्द जोड़िक' आ छुटिआक' शब्दक पहिचान आ निर्माण<br>• पाठक लिखना | |
| ९ | खेलकूद | • स्थानीय खेल, व्यायाम आ अनुशासन | • चित्रक आधारपर विमर्श<br>• खेलसम्बन्धी अपन अनुभव सङ्गीसाथीबीच आदान-प्रदान<br>• मौखिक प्रश्नोत्तर आ प्रतिक्रिया देव<br>• व्यायाम आ योगसम्बन्धित शब्द/वाक्य सूनब आ बाजव<br>• श्रव्य सामग्रीक बोध आ अभिव्यक्ति<br>• खेल अवलोकन आ वर्णन | • पाठमे प्रयुक्त नव शब्द पहिचान, शुद्ध पठन आ अर्थबोध<br>• पाठगत रचनासभ हाओभाओ, गति आ शुद्धताक सङ द्रुत पठन<br>• लयात्मक रचनाक एकल, युगल आ सामूहिक सस्वर वाचन<br>• पाठक आधारपर खेलक नियम क्रम मिलाक' कहब<br>• पाठगत विषयवस्तुक बोध आ अभिव्यक्ति | • पाठगत शब्द पहिचान आ वाक्यमे प्रयोग<br>• चित्र देखिक' ओकर विषयमे लीखब<br>• स्थानीय खेलक नियमसभक बिन्दुगत लेखन<br>• उदाहरण आ सङ्केतक आधारपर वाक्य निर्माण<br>• पाठक अनुलेखन, श्रुतिलेखन आ सृजनात्मक लेखन<br>लेख्य चिह्न (पूर्णविराम, अल्पविराम, प्रश्नवाचक, विस्मय चिह्न) प्रयोग क' लिखित अभिव्यक्ति देब<br>• पाठक प्रश्नोत्तर लेखन | १६ |

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | • अपन पसीनक खेलक वर्णन | |
| १० | मिथिलाक्षर लिपि | • मिथिलाक्षरक शब्द, अङ्क आ रुपान्तरण | • मिथिलाक्षर लिपिमे शब्दसभक उच्चारण<br>• मिथिलाङ्क एकाबनसँ सयधरि पहिचान कए वाचन | • मिथिलाक्षरमे लीखल शब्दक पठन<br>• मिथिलाङ्क पढ़ब (एकाबनसँ सयधरि) | • मिथिलाक्षरमे शब्दसभक लेखन-अनुलेखन<br>• मिथिलाङ्क अक्षरमे आ अङ्कमे लेखन ( एकाबनसँ सयधरि)<br>• देवनागरी आ मिथिलाक्षर वर्ण एवम् अङ्कक जोड़ा मिलाएब<br>• देवनागरी आ मिथिलाक्षर शब्दक जोड़ा मिलाएब | १० |
| | | | | | जम्मा | १६० |

## ५. सिखनाइ सहजीकरण प्रक्रिया

भाषा शिक्षण मूलतः शिल्पमूलक विषय छै। भाषिक शिल्पमे दूगोट पक्ष होइत छै – ग्रहण आ अभिव्यक्ति। ग्रहण शिल्पमे सूनब आ पढ़ब शिल्प रहल छै। तहिना अभिव्यक्ति शिल्पअन्तर्गत बाजब आ लीखब शिल्प रहल छै। ताहिहेतु भाषा शिक्षण करैत काल विषयवस्तु गौण होइत छै आ भाषिक शिल्प प्रमुख होइत छै। भाषा शिक्षण विषयवस्तुक शिक्षण नहि भ' विषयवस्तु व्यक्त करबाक आ बुझबाक माध्यम छै। तेँ भाषा शिक्षण करैत बेर विषयवस्तुसँ बेसी सुननाइ, बजनाइ, पढ़नाइ आ लिखनाइ शिल्प विकासमे जोड़ देबाक चाही। तथापि भाषिक शिल्प शिक्षणक क्रममे कएल जाएबला उच्चारण, बोध, व्याकरण, शब्दभण्डारसनक भाषिक पक्षक शिक्षणक लेल सेहो विषयवस्तुए प्रमुख माध्यम छै, से बात नहि बिसरबाक चाही। तहिना भाषा शिक्षणमे व्याकरणक नियम आदि सैद्धान्तिक ज्ञानमे जोड़ नहि द'कए कार्यमूलक (अभ्यासमूलक) व्याकरण शिक्षणमे जोड़ देबाक चाही।

भाषाक शिल्पसभमे अभ्यास जतेक कएल जाए ओतबे सीखल जा सकैत छै। तेँ विद्यार्थीकेँ बेसीसँ बेसी वाचन, पठन आ लेखनक अभ्यास करएबाक चाही। भाषा शिक्षणमे पाठ्यवस्तुक स्वरूप आ प्रकृतिअनुसार उच्चारण, शब्द, हिज्जे, वाक्य गठन आ विधागत पाठसभक आधारपर उपयुक्त शिक्षण विधिक चयन आ प्रयोग करबाक चाही। भाषा शिक्षणमे बेसीसँ बेसी विद्यार्थीकेँ प्रयोग आ अभ्यास निरन्तर करएबाक लेल त्रुटि निराकरणक विधिक प्रयोग करबाक चाही। अर्थात् विद्यार्थीक कमीकमजोरी आ त्रुटि चीन्हिक' ओहन त्रुटि न्यून करबाक लेल सिखनाइकेँ दोहरा-तेहराक' ओकर निराकरण करबाक चाही।

ई पाठ्यक्रम मैथिली भाषाक सञ्चार तथा अभिव्यक्तिमे निपुणतादिस अग्रसर करबैत छै। एहि विषयक सिखनाइ सहजीकरण प्रक्रियामे विशेषतः "अभ्याससँ सीखू" के सिद्धान्तअनुरूप मैथिली भाषा विषयक सिखनाइ सहजीकरण क्रियाकलापकेँ अर्थपूर्ण, रुचिगर आ प्रभावकारी बनाक' विषयवस्तुक प्रकृतिअनुरूप शिक्षण विधिक चयन आ प्रयोग कएल गेल छै। शिक्षण विधिक चयन करैत काल विद्यार्थीक रुचि, क्षमता, स्तर, उमीर आदिकेँ ध्यानमे राखि विद्यार्थीकेँ सहभागी कराक' विद्यार्थीकेन्द्रित शिक्षण विधि प्रयोग कए बेसीसँ बेसी ज्ञान आ शिल्प विकासपर ध्यान देल गेल छै। शिक्षकलोकनिद्वारा सहयोगीक भूमिका निर्वाह कराए विद्यार्थीकेँ सस्वर तथा मौनपठन, पठनबोध, प्रश्नोत्तर, बिन्दु टिपोट, सारांश, घटना क्रम मिलान, वादविवाद, विमर्श, तुलना, अनुमानसनक कार्यकलाप कराओल गेल छै। तहिना ई पाठ्यकम कठिन शब्दक उच्चारण, अर्थ आ वाक्यमे प्रयोग, श्रुतिलेखन, अनुलेखन, भावार्थ, अनुकरणात्मक, सृजनात्मक लेखन आ छोट वर्णनक पक्षमे जोड़ देबाक आवश्यकता महसूस करैत छै। एहि क्रममे स्थानीय संस्कृति, खेल, प्रविधि, पेशा, रीतिरिवाज तथा पावनि-तिहार आदिक बोध करएबाक, तकर सम्मान करएबाक आ ताहिप्रति गर्व करएबाक शिल्प विकास करएबला क्रियाकलापपर विशेष रूपसँ जोड़ देल गेल छै। सिखनाइ सहजीकरणकेँ प्रभावकारी आ गुणस्तरीय बनएबाक लेल मैथिली भाषा विषयमे समावेश कएल विषयक्षेत्रमे भाषिक शिल्प आ कार्यमूलक व्याकरणकेँ एकीकृत रूपमे अध्ययन कराए विषयवस्तुक ज्ञान, शिल्प आ धारणाक विकास कराओल गेल छै। सङहि एकटा विषयक्षेत्रमे मिथिलाक्षर लिपिक वर्ण, वर्तनी, शब्द आ अङ्कक पहिचान, वाचन, पठन आ लेखन शिल्पक विकासपर जोड़ देल गेल छै।

कोनो भाषाक विशेष प्रकारक विशेषता होइत छै। ताहि विशेषतासभकेँ पाठ्यक्रममे सम्बोधन करबाक खगता रहैत छै। तेँ मैथिली भाषामे रहल चन्द्रविन्दु, पादविन्दु, उर्ध्वविराम, ह्रस्वउच्चारणसनक मौलिक विशेषताकेँ ई पाठ्यक्रम समेटने अछि। मैथिली मातृभाषा विषयक सक्षमता आ सिखनाइ उपलब्धि हासील करबाक लेल निम्नानुसारक सिखनाइ सहजीकरण विधि तथा प्रक्रियामे आधारित भ' क्रियाकलाप निर्धारण कएलासँ सान्दर्भिक भ' सकैत अछि :

| **क्र.सं.** | **विधि** | **प्रक्रिया** | **प्रयोग होबएबला प्रमुख भाषिक शिल्प** |
|---|---|---|---|
| १ | प्रदर्शन विधि | • विषयवस्तुसँ सम्बन्धित तस्वीर वा अन्य दृश्य सामग्री तथा श्रव्यदृश्य सामग्री प्रदर्शन<br>• उच्चारणगत शैली अनुकरण<br>• नव सन्दर्भ, परिवेश आ शब्दक पहिचान<br>• धारणा निर्माण<br>• विचार आदानप्रदान तथा प्रस्तुति<br>• प्रश्नोत्तर आ विमर्श<br>• विषयवस्तुक वर्णन<br>• निष्कर्ष | सुननाइ तथा बजनाइ (श्रव्य/दृश्यबोधसहित) |
| २ | प्रयोग विधि | • मानक भाषा आ भाषिकाक प्रयोगपर आधारित भ' नमूना प्रस्तुति<br>• विद्यार्थीद्वारा सहअभ्यास<br>• निधोख (स्वतन्त्र) प्रयोग | सभ भाषिक शिल्प |
| ३ | प्रश्नोत्तर विधि | • शीर्षक आ सन्दर्भक आधारपर पूर्वानुमान<br>• मौखिक भाषाक उपयोग<br>• उपकरणक प्रयोग<br>• गपसप<br>• विमर्श आ निष्कर्ष | सुननाइ आ बजनाइ |
| | | | |
| ४ | स्वाध्ययन | • सामग्री चयन<br>• अध्ययन<br>• धारणा वा विचार निर्माण<br>• सन्दर्भगत उपयोग | पढ़नाइ |
| ५ | कथा कथन आ गीत | • लयात्मक शब्द बोध<br>• पात्र, घटना, कार्यसभक बोध<br>• सार कथन<br>• पुनः कथन<br>• पात्र, स्थान आदिक निर्माणसँ नव पाठ निर्माणक अभ्यास | सभ भाषिक शिल्प |
| ६ | खोज/परियोजना | • भाषिक तथा सञ्चारगत समस्या वा प्रश्नक प्रस्तुति<br>• खोजकार्य वा तरीका विषयमे विमर्श<br>• विद्यार्थीद्वारा खोज (निर्देशित वा स्वतन्त्र)<br>• प्रस्तुति आ विमर्श<br>• पृष्ठपोषण | लिखनाइ (शब्द भण्डार आ बोधसहित) |

| | | | |
|---|---|---|---|
| ७ | अन्तरक्रिया | • विमर्शक योजना आ तैयारी<br>• सामूहिक विमर्श सञ्चालन वा समूह विभाजन<br>• समूह विभाजन कए कार्यसूची आ कार्य सञ्चालन<br>• प्रस्तुतीकरण<br>• तुलना, विश्लेषण आ मूल्याङ्कन<br>• निष्कर्ष | सुननाइ तथा बजनाइ शिल्प |
| ८ | अभिनय विधि | • योजना निर्माण (उद्घोषण, भूमिका अभिनय वा नाटकीकरण)<br>• विषयक्षेत्र/शीर्षक/नाटक/पात्र/घटनाक चयन<br>• प्रस्तुति (व्यक्तिगत वा सामूहिक)<br>• भाषाशैलीक चयन आ उपयोग<br>• विमर्श आ मूल्याङ्कन<br>• पृष्ठपोषण | सुननाइ आ बजनाइ शिल्प |
| ९ | सृजनात्मक कार्य | • चित्र वा आकृति निर्माण<br>• निर्देशित, व्यावहारिक लेखन वा स्वतन्त्र रचना | बजनाइ आ लिखनाइ शिल्प |
| १० | भ्रमण/अवलोकन | • शैक्षिक उद्देश्यसँ सम्बन्धित स्थानक स्थलगत अवलोकन<br>• निरीक्षण आ खोज<br>• सवालजवाफ आ विमर्श<br>• निष्कर्ष | लेखन शिल्प (दृश्यबोध/श्रुतिबोधसहित) |

## ६. विद्यार्थी मूल्याङ्कन

शिक्षण-सिखनाइ क्रियाकलापसँ प्राप्त सिखनाइ उपलब्धिक लेखाजोखा कएनाइकेँ विद्यार्थी मूल्याङ्कन कहल जाइछ । आधारभूत तह कक्षा १-३ मे राष्ट्रिय पाठ्यक्रम प्रारूपमे उल्लेख भेलअनुरूप निर्माणात्मक मूल्याङ्कन प्रक्रियाक कार्यान्वयन आवश्यक अछि । ई मूल्याङ्कन सिखनाइ क्रियाकलापक अभिन्न अङ्गक रूपमे अंगीकार क' नियमित रूपमे सञ्चालन करैत विद्यार्थीक सिखनाइ सुधारक लेल निरन्तर सञ्चालन होएबाक चाही । प्रत्येक बालबालिकाक सिखनाइ अवस्थाक प्रमाणकेँ कार्यसञ्चयिका फाइलमे व्यवस्थित रूपसँ रखबाक चाही । कार्यसञ्चयिका फाइलमे विद्यार्थीक कक्षाकार्य, परियोजना कार्य, उपलब्धि परीक्षा, विद्यार्थीमे व्यावहारिक परिवर्तनक अवलोकन आ तकर अवस्था, हाजिरी आदिक माध्यमसँ अद्यावधिक करए पड़ैत छै । विद्यालयमे पठनपाठन भेल विषयवस्तु आ विद्यार्थीक उपलब्धिक विषयमे प्रत्येक महिना वा निश्चित विषयक्षेत्रक अध्ययन पूरा कएलाक बाद अभिभावककेँ जानकारी पठएबाक व्यवस्था क' कार्यसञ्चयिकामे अभिलेख उल्लेख करए पड़ैत छै । एहि तहमे गृहकार्यकेँ अनिवार्य नहि क' कक्षाकार्यमे बेसी जोड़ देलाक बादो जँ आवश्यक बुझाए तँ किछु गृहकार्य सेहो देल जा सकैत छै । दैनिक आ एकहि दिनमे विभिन्न विषयक्षेत्रमे गृहकार्य देब उपयुक्त नहि भ'सकैत अछि । कक्षा १-३ मे विद्यार्थी मूल्याङ्कनक प्रक्रिया सामान्यतः निम्नानुसार होएत :

(क) मूल्याङ्कनकेँ सिखनाइ क्रियाकलापक अभिन्न अङ्गक रूपमे कक्षा क्रियाकलापसङहि एकीकृत कए सिखनाइ सुधारमे निरन्तर प्रयोग करबाक चाही ।

(ख) सिखनाइ उपलब्धि आ तकर विस्तृत विवरण तैयार क' ताहि अनुरूप सम्भाव्य मूल्याङ्कन विधि, प्रक्रिया आ साधनक तैयारी करबाक चाही ।

(ग) दैनिक कक्षा क्रियाकलापसङहि विद्यार्थीक सिखनाइक लेखाजोखा कए पछुआएल विद्यार्थीकेँ सुधारात्मक सिखनाइ प्रक्रियाद्वारा निर्धारित न्यूनतम सिखनाइ उपलब्धिक सुनिश्चिताहेतु सभ विद्यार्थीकेँ विशेष अवसर प्रदान करबाक चाही ।

(घ) विद्यार्थीक सिखनाइ स्तरके मूल्याङ्कन करैत काल मूलतः विद्यार्थी विभिन्न सिखनाइ क्षेत्रमे अपेक्षित सिखनाइ उपलब्धि प्राप्त कएलक वा नहि, तकर परीक्षण करब जरुरी छै ।

(ङ) विद्यार्थीसभक सिखनाइ मूल्याङ्कनमे विषयगत सिखनाइ क्षेत्रमे अपेक्षित ज्ञान, समझ, प्रयोग आ सृजनसहित क्षमता परीक्षण करबाक लेल उपयुक्त साधन आ प्रक्रिया प्रयोग करबाक चाही ।

(च) मूल्याङ्कनक क्रममे आवश्यक व्यावहारिक शिल्प प्राप्तिमे विद्यार्थी हासील कएने सक्षमताक सेहो लेखाजोखा कए आवश्यकताअनुसार सिखनाइ क्रियाकलापमे सुधार करबाक चाही ।

(छ) मूल्याङ्कनक क्रममे विद्यार्थी अपेक्षित नतीजा प्राप्त नहि क'सकए तँ सुधारात्मक शिक्षण-सिखनाइ प्रक्रियाअनुरूप विद्यार्थीक सिखनाइ सुधार क' अपेक्षित सिखनाइ सुनिश्चित करबाक चाही ।

(ज) निरन्तरक सकारात्मक शिक्षण-सिखनाइ प्रक्रियासँ सेहो सिखनाइ उपलब्धि हासील नहि क'सकएबला विद्यार्थीहेतु उपचारात्मक शिक्षणक प्रबन्ध करबाक चाही ।

(झ) मूल्याङ्कनक नतीजाकेँ विषयक्षेत्र तथा सिखनाइ उपलब्धिअनुसार अभिलेखीकरण करबाक चाही । विद्यार्थीक व्यक्तिगत फाइल बना मूल्याङ्कनक परिणामक सङहि अन्य सान्दर्भिक विवरणसहितक कार्यसञ्चयिका व्यवस्थित कए रखबाक चाही ।

(ञ) सिखनाइ सुधारक आवश्यकता आ उपाय पहचान कए शिक्षक-अभिभावककेँ प्रेरित करबाक चाही ।